

BAB V KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1 Kacindekan

Ieu hasil panalungtikan téh mangrupa gambaran ngeunaan kalimah salancar anu aya dina carita pantun *Lutung Leutik*, anu ditilik tina jihat wangun, adegan, harti, jeung bahan pangajaranana.

Sabada data tina sumber data carita pantun *Lutung Leutik* anu jumlahna aya 320 kalimah salancar dianalisis, hasil panalungtikanana bisa dicindekkeun saperti ieu di handap.

- a. Ditilik tina wangunna, kalimah salancar dina carita pantun *Lutung Leutik* téh aya dua rupa nya éta kalimah salancar basajan jeung kalimah salancar jembar. Tina hasil analisis, kalimah salancar anu kaasup kana kalimah salancar basajan téh jumlahna aya 156 (59,32 %) kalimah. Ari anu kaasup kana kalimah salancar jembar mah jumlahna aya 107 (40,68%) kalimah.
- b. Ditilik tina jihat adeganana, kalimah salancar ogé dibédakeun kana dua rupa nya éta adegan kalimah salancar basajan jeung adegan kalimah salancar jembar. Tina hasil analisis, adegan kalimah salancar basajan miboga tilu pola nya éta pola a) J + C, b) J + C + U, jeung c) J + C + Pa. Kalimah salancar basajan nu miboga pola J + C, jumlahna aya 86 (55,13 %) kalimah, nu miboga pola J + C + U, jumlahna aya 38 (24,36 %) kalimah, ari nu miboga pola J + C + Pa, jumlahna aya 33 (21,15 %) kalimah. Adegan kalimah salancar jembar miboga lima pola nya éta pola a) J + C + K, b) J + C + U + K, c) J + C + Pa + K, d) J + K, jeung e) C + K. Kalimah salancar jembar nu miboga pola J + C +

K, jumlahna aya 51 (47,67 %) kalimah, nu miboga pola J + C + U + K, jumlahna aya 10 (9,35 %), kalimah, nu miboga pola J + C + Pa + K, jumlahna aya 4 (3,74 %) kalimah, nu miboga pola J + C, jumlahna aya 30 (28,04 %) kalimah, ari nu miboga pola C + K, jumlahna aya 14 (13,10 %) kalimah.

- c. Ditilik tina jihat harti, kalimah salancar ogé dibédakeun kana dua rupa nya éta harti kalimah salancar basajan jeung harti kalimah salancar jembar. Harti kalimah salancar basajan disawang tina peran semantis unsur-unsur fungsional kalimahna (jejer, caritaan, jeung udagan). Tina hasil analisis, harti kalimah salancar basajan téh aya tilu rupa, nya éta kalimah salancar basajan 'barang', kalimah salancar basajan 'pagawéan' jeung kalimah salancar basajan 'sipat'. Kalimah salancar basajan anu miboga harti 'barang' jumlahna aya 21 (13,46 %) kalimah, nu miboga harti 'pagawéan', jumlahna aya 128 (82,05 %) kalimah, ari nu miboga harti 'sipat', jumlahna aya 7 (4,49 %) kalimah.
- Ari harti kalimah salancar jembar mah ditangtukeun ku harti atawa maksud anu dikandung ku kateranganana. Tina hasil analisis, harti kalimah salancar jembar téh aya salapan rupa, nya éta a) kalimah salancar jembar 'tempat', nu jumlahna aya 74 (69,16 %) kalimah, b) kalimah salancar jembar 'waktu', nu jumlahna aya 6 (5,61 %) kalimah, c) kalimah salancar jembar 'cara', nu jumlahna aya 3 (2,80 %) kalimah, d) kalimah salancar jembar 'tujuan', nu jumlahna aya 6 (5,61 %) kalimah, e) kalimah salancar jembar 'pangbarung', nu jumlahna aya 2 (1,87 %) kalimah, f) kalimah salancar jembar 'alat', nu jumlahna aya 4 (3,74 %) kalimah, g) kalimah salancar jembar 'babandingan', nu jumlahna aya 5 (4,67 %) kalimah, h) kalimah salancar jembar 'aspék', nu

jumlahna aya 5 (4,67 %) kalimah, jeung i) kalimah salancar jembar 'modalitas', nu jumlahna aya 4 (3,74 %) kalimah.

- d. Bahan pangajaran kalimah salancar bisa diajarkeun di kelas tilu semester hiji. Ku sabab bahan pangajaran kalimah salancar mah henteu langsung minangka kompetensi dasar, nya bahan ajar kalimah salancar téh diselapkeun dina pangajaran maca, dina lebah pangajaran maca carita buhun. Pikeun ngungkulanana, indikator kalimah salancar diselapkeun kana runtuyan indikator pangajaran maca.

5.2 Saran

Tina hasil panalungtikan kalimah salancar dina carita pantun *Lutung Leutik*, tétéla yén pangajaran kalimah salancar téh bisa diajarkeun di sakola hususna di SMA, sabab bisa méré pangaweruh ngeunaan kalimah salancar keur siswa. Dina prak-prakanana ngajarkeun kalimah salancar dina carita pantun, salian ti ngajarkeun wangenan, wangun, adegan jeung harti kalimahna, guru dipiharep bisa ngajarkeun ngeunaan kahasan kalimah salancar dina carita pantun. Salian ti éta, pangajaran kalimah salancar dina carita pantun bisa mangrupa sumbangan ilmiah pikeun panaratas panalungtikan kalimah salancar.